



The Link

Mete Paran yo ak Kominote Lekòl yo an Kontak



Edikasyon Kòmanse Bonè e Li Kòmanse Lakav

Laplipa paran kwè ke yo fèt pou konsantre sou devlopman akademik ak sosyal pitit yo lè pitit yo kòmanse nan gadri oswa jadendanfan. Sepandan, rechèch montre sèvo a kòmanse devlope menm *anvan* nesans e pifò kwasans sèvo a se apati nesans lan jiska laj 10 zan. Sa vle di ke mwaye peryòd pi enpòtan devlopman sèvo yon timoun fèt byen anvan yo kòmanse lekòl! Sa vle di tou ke ekselans akademik ak preparasyon pou reyisi nan lavi pou pitit ou an sandout kòmanse lakay ou!

Gen anpil pratik ak aktivite ki byen senp, men ki efikas, pou ede pitit ou aprann ak prepare l pou eksperyans edikasyonèl li. Timoun aprann ak senk sans majè yo: vizyon, son, manyen, sant ak gou. Pou yo ka ankouraje kwasans mantal ak devlopman sans sa yo, fòk yo estime yo le pli souvan ke posib. Objè ki gen anpil koulè k ap vire ki kwoke nan bèso gen dwa sèvi pou estime ak devlope konesans vizyèl. Jwe ak blok ak je pasyans devlope kapasite motris ak rezonman. Li ak chante ak yon timoun devlope jan li tandè ak pale. Laplipa aktivite ou ka fè lakay ou pral benefisyè timoun ki gen nenpòt ki laj.

Eseye enkòpore bagay senp kouwè:

- Li chak jou awotvwa. Pannkat nan lari pandan w ap kondwi, enstriksyon/resèt pandan w ap kwit manje, li jounal lan ansanm.
- Pale le plis ke ou kapab ak pitit ou. Pale sou lekòl, aktivite, evènman enpòtan, bagay ke ou wè pandan w ap kondwi machin lan. Plis ke pitit ou an pale ak patisipe nan konvèsasyon, vokabilè l pral ogmante.
- Chante chanson ansanm. Chante se yon bon fason pou sonje ak aprann. Epitou se yon bon fason pou entwodwi langaj ak mo ke yo petèt pa sèvi chak jou.

Ou gen dwa jwenn anpil lòt lide pou sipòte edikasyon nan kay la nan sit entènèt kouwè www.NJPIRC.org, nan liv fòmasyon paran oswa nan magazin.

Sa yo se jis kèk fason senp ak amizan pou byen prepare pitit ou pou aprann ak eksprime tèt li pozitivman. Sonje ke se ou ki pwofèsè prensipal pitit ou an donk li trè enpòtan pou ou toujou rete enfòmè ak patisipe nan edikasyon pitit ou depi nesans li jis lè li vin granmoun! Si w chwazi pou bay yon ti tan ak efò nan devlopman pitit ou an, rekonpans lan pral anpil pou fiti w ak pitit ou an!

The New Jersey State Parent Information & Resource Center

NJPIRC

another program of



Prevent Child Abuse
New Jersey

Bati yon rezo paran, lekòl, ak kominote ki sipòte siksè elèv yo



Anplwaye NJPIRC:

Diane Dellanno, LCSW
Director of Early Childhood and Education Programs

Milady Murillo, LSW
NJPIRC Program Manager

Colleen M. Hicks
Coordinator of Partnering Schools and Outreach

Carl Shaw, M.Ed.
Coordinator of Partnering Schools and Outreach

Prevent Child Abuse – NJ
103 Church Street, Suite 210
New Brunswick, NJ 08901

1-800-CHILDREN
www.preventchildabuse.nj.org
www.njpirc.org

Konferans Paran-Pwofesè ou an

Kesyon pou konsidere:



Tèm Tout Paran Bezwen Konnen ASESMAN ETANJ

1. Kijan pitit mwen ap travay nan klas la?
2. Eske pitit mwen gen okenn pwoblèm? Kisa yo ye? Kijan mwen ka ede nan kay la? Eske leson prive disponib?
3. Kisa règleman devwa yo ye? Kisa k ap rive pitit mwen si l pa remèt yo?
4. Konbyen tan pou l pran pou fè devwa l? Konbyen fwa ou bay devwa?
5. Konbyen fwa ou bay egzamen? Ki rezilta pitit gason m oswa pitit fi m jwenn nan egzamen yo jiska prezan?
6. Kijan m ka rantre an kontak avè w oswa pran yon randevou pou rankontre avè w anko?
7. Kijan pitit mwen santi l parapò ak lekòl la ak kapasite l? Kisa nou ka fè pou santiman sa yo pozitif?
8. Eske pitit mwen an nan yon gwoup espesyal pou lekti ak matematik? Ki moun ki pwofesè yo?

Pataje ak Pwofesè yo:

- Enterè/konesans espesyal
- Fason pou etidye
- Pwoblèm medikal
- Dènye espèryans nan fanmi an (lanmò, nesans frè ak sè, divòs) ki kapab afekte konpòtman li nan lekòl la

Jwenn Plis Enfòmasyon pou
Paran yo nan

Core Curriculum Content Standards [Nòm Kirikoulòm Matyè Debaz]

Pou yo kreye nòm pou amelyore pèfòmans etidyan yo, yo defini klèman kisa tout elev fèt pou konnen e sa yo ka fè apre yo resevwa trèzan edikasyon piblik. Depatman Edikasyon NJ asire ke pwofesè yo founi ansèyman dapre nòm yo, asire evalyasyon pefòmans elèv yo nan chak sijè yo; e, ke yo founi pwofesè yo opòtinite pou devlopman pwofesyonèl ki konsantre sou nòm yo.

Revize NJ Core Curriculum Content Standards [Nòm Kirikoulòm Matyè Debaz NJ] pa nivo ak sijè nan: <http://www.njpirc.org/child.shtml>

NJ ASK (Klas nivo 3yèm – 8yèm)

NJ ASK vle di Evalyasyon Ladrès ak Konesans nan Nou Jeze. Prezantan leta a administre egzamen yo nan nivo twazyèm, katyèm, senkyèm, sizyèm, setyèm, uityèm ak onzyèm. Yo sèvi ak rezilta egzamen leta a pou detèmine si yon lekòl te fè oswa pa te fè pwogrè adekwa pandan ane an dapre Lwa federal *No Child Left Behind [Okenn Timoun Pa Rete Dèyè]*. Chak lekòl oblije ranpli yon nivo kapasite minimòm pou evite yo klase l kòm yon lekòl “ki bezwen amelyorasyon”.

HSPA (Klas nivo 11yèm)

Lwa leta a egzije tout elèv ki gradye nan lekòl segondè leta nan Nou Jeze pou montre yo metrize konesans ki nesèsè pou fonksyone politikman, ekonomikman ak sosyalman nan yon sosyete demokratik. Yo sèvi ak Evalyasyon Konpetans nan Lekòl Segondè pou detèmine kapasite elèv lan nan lekti, ekriti ak matematik jan yo defini li nan New Jersey Core Curriculum Content Standards yo [Nòm Kirikoulòm Matyè Debaz Nou Jeze]. Yo bay evalyasyon an nan klas nivo 11yèm. Elèv ki nan klas onzyèm la pou premye fwa ki pa pase JSPA nan klas jinyò yo pral gen chans pou rebran l an de fwa nan dènye ane lekòl segondè yo.

Jwenn egzamen pratik yo, aranjman pou egzamen an ak enfòmasyon pou paran pou NJ ASK lan ak HSPA nan <http://www.njpirc.org/child.shtml>

Bon
Fè
Lekòl

71 pousan lekòl Nou Jeze atenn nòm Pwogrè Adekwa Anyèl (AYP) Lwa federal Okenn Timoun Pa Rete Dèyè (NCLB) nan 2008.

Valè lekòl ki sou lis Lekòl Ki Bezwen Amelyorasyon (SINI) - lekòl ki manke AYP pandan dezan, oswa plis, swivi - bese soti 505 nan ane 2007-08 rive 442 ane sa a, yon bès plis ke 12 pousan.

Sant Enfòmasyon Paran a k Resous Eta NJ

another program of



Prevent Child Abuse
New Jersey

www.preventchildabuse.nj.org

Sit Entènèt ke Nou Renmen:

www.math-drills.com
www.dadz.com
www.parentsjournal.com
www.brainconnection.com
www.njpta.org
www.encarta.com

